



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI AP AJOUTE SIGARÈT ELEKTWONIK YO NAN LWA SOU LÈ ESPAS ENTÈN PWÒP LAN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa ki ap ajoute sigarèt elektwonik yo nan Lwa sou Lè Espas Entèn Pwòp lan (Clean Indoor Air Act), ki bani itilizasyon yo tout kote ke yo entèdi moun fimen pwodwi ki gen tabak yo.

“Pwodwi sa yo kòmèsyalize kòm yon pwòdwè altènatif ki pi bon pou sante ke sigarèt yo, men reyalyte a se ke yo gen danje alontèm sou sante itilizatè yo ak sila ki alantou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mezi sa fèmen yon lòt echapatwa danjere ki te gen nan lwa a, sa ki ap kreye yon New York ki pi djanm, pi an sante pou tout moun.”

Dokiman lwa sa (S.2543A/A.516A) pral redwi ekspozisyon a pwodwi chimik ki potansyèlman danjere yo pou itilizatè sigarèt elektwonik yo ak sila ki alantou yo. Sou lwa aktyèl lan, yo sèlman entèdi moun fimen sibstans ki genyen tabak, ki gen pami yo siga, sigarèt oswa pip yo, nan espas piblik yo. Pandan ke anpil konte te deja bani itilizasyon sigarèt elektwonik yo nan espas piblik yo, ki enkli restoran, bar ak lòt espas travay yo, dokiman lwa sa ap fè lwa a konsistan atravè eta a.

Nan mwa [Jiyè](#), Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa ki te bani imedyatman itilizasyon sigarèt elektwonik yo sou tout tèren lekòl piblik ak prive yo nan Eta New York.

Sistèm livrezon vapè ak nikotin elektwonik yo, ki gen pami yo sigarèt elektwonik yo, plim a vapè yo, hookah elektwonik ak aparèy similè yo, tipikman genyen nikotin. Kèk engredyan ke yo te jwenn nan sigarèt elektwonik yo te konsidere kòm toksik, epi pa gen regilasyon sou ki pwodwi chimik sigarèt elektwonik yo genyen, konbyen nikotin itilizatè a ap respire. Faktè sa yo kapab mennen a efè sante negatif alontèm yo pou itilizatè sigarèt elektwonik yo ak moun ki bò kote yo.

Senatè Kemp Hannon te deklare, “Antan ke sipòtè fyè pwojè lwa sa, mwen kontan dèske New York pral pran mezi pou kapab pwoteje moun New York yo kont danje potansyèl sigarèt elektwonik yo. Sigarèt elektwonik yo souvan genyen pwodwi chimik ki toksik an plis de nikotin, yon bagay ke moun ki a kote yo pa ta dwe fòse respire. Ak rapò resan yo ki ap montre itilizasyon yo pami moun minè yo ki ap ogmante, New York dwe kontinye travay pou regilarize materyèl sa yo nan yon fason sans komen.”

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te di, “Fèmèn echapatwa sigarèt elektwonik la lè nou enkli li nan Lwa sou Lè Espas Entèn Pwòp lan sa se yon mezi ke yo te dwe pran depi lontan ki pral ede pwoteje chak dwa moun New York pou pwofite de espas piblik entèn yo san entwizyon vapè sigarèt elektwonik yo. Mwen kontan dèske Gouvènè a te siyen pwojè lwa sa pou vin tounen lwa, epi mwen espere kontinye travay ansanm ak Administrasyon an pou ranfòse mezi kontwòl tabak New York yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418